

# Konsènan Tès COVID-19

Si w gen sentòm oswa ou te an kontak sere ak yon moun ki gen COVID-19, tès la se yon fason enpòtan pou pwoteje fanmi w, zanmi w ak kominote w. Tès antijèn ki fèt nan kay la se fason ki pi pratik pou teste pou COVID-19.

Kòmanse nan fen mwa septanm 2024, kay rezidansyèl yo nan peyi Etazini an ka kòmande kat(4) tès rapid antijèn COVID-19 lakay yo pou gratis. Gen yon limit yon sèl kòmann pou chak adrès. Ou ka kòmande tès sa yo sou entènèt nan [COVIDTests.gov](#).

## Kesyon Yo Poze Souvan

### Kilè ak Poukisa

#### *Ki moun ki ta dwe fè tès pou COVID-19?*

Nou rekòmande ou fè tès pou COVID-19 si ou gen [sentòm respiratwa](#) oswa si ou te an kontak sere ak yon moun ki gen COVID-19. Tès antijèn lakay la se mwayen ki pi bon pou teste pou COVID-19.

### Tès Lakay yo

#### *Kouman mwen ka jwenn yon twous tès antijèn lakay la?*

Kòmanse nan fen mwa septanm 2024, kay rezidansyèl yo nan peyi Etazini an ka [kòmande kat\(4\) tès rapid antijèn COVID-19 lakay yo gratis](#). Gen yon limit yon sèl kòmann pou chak adrès. Ou ka kòmande tès sa yo sou entènèt nan [COVIDTests.gov](#).

Ou ka achte tès COVID-19 lakay la nan anpil famasi ki vann an detay oswa sou entènèt. Anba a gen kèk opsyon pou al achte oswa kòmande tès COVID-19:

- [COVID-19 Testing Resources – Search by State | CDC](#)
- [At Home COVID Test Kit | CVS Pharmacy](#)
- [COVID-19 Testing & Locations | Walgreens Find Care](#)
- [COVID-19 Tests - Amazon.com](#)
- Nou gen kamyon kominotè tou ki ofri tès COVID-19 limite nan kèk jou ak lè; randevou pa nesesè. Tanpri [gade orèa](#) pou ki lè nou pral nan katye w la.

#### *Mwen te teste pozitif lakay mwen. Èske mwen bezwen fè yon tès PCR?*

Si w itilize yon twous pou fè tès lakay ou epi w teste pozitif, ou gen COVID-19. **Ou pa bezwen yon tès PCR pou konfirmasyon.** Tanpri rete lakay ou epi lwen lòt moun jiskaske:

- Sentòm ou yo ap amelyore pou 24 èdtan E
- Ou pa te gen lafyèv pandan 24 èdtan **san w pa** itilize medikaman pou diminye lafyèv tankou asetaminofèn (Tylenol) oswa ibipwofèn (Motrin, Advil).

*Mwen te teste negatif, men mwen toujou gen sentòm respiratwa. Kisa mwen ta dwe fè?*

Si ou gen sentòm respiratwa, ou ta dwe rete lakay ou epi lwen lòt moun jiskaske:

- Sentòm ou yo ap amelyore pou 24 èdtan E
- Ou pa te gen lafyèv pandan 24 èdtan **san w pa** itilize medikaman pou diminye lafyèv tankou asetaminofèn (Tylenol) oswa ibipwofèn (Motrin, Advil).

Si ou pa gen sentòm, ou pa bezwen rete lakay ou epi lwen lòt moun.

## Tès Pozitif

*Èske mwen gen gwo risk pou COVID-19 grav?*

Kondisyon ki gen gwo risk pou COVID-19 grav gen ladan moun k'ap sibi tretman pou kansè, lè moun ap pran medikaman pou transplantasyon aktyèlman, oswa medikaman ki siprime sistèm iminitè pou lòt kondisyon. Lòt kondisyon ki gen anpil risk, tankou maladi kwonik nan poumon, ren oswa fwa; dyabèt; VIH; obezite; ak laj 65 an oswa plis, ka predi ou vin pi mal sentòm COVID-19 oswa grip la. [CDC gen plis enfòmasyon](#).

Si w genyen youn oswa plizyè kondisyon ki mete w nan gwo risk pou COVID-19 grav, sa ka fè w kalifye pou [tretman ekstèn pou COVID-19](#) si w genyen COVID.

*Mwen teste pozitif. Mwen pa gen gwo risk pou maladi grav, men mwen enkyete sou sentòm mwen yo. Kisa mwen ta dwe fè?*

- Si w teste pozitif, ou gen sentòm lejè, epi ou pa gen faktè risk pou [maladi grav](#), rete lakay ou jiskaske:
  - Sentòm ou yo ap amelyore pou 24 èdtan E
  - Ou pa te gen lafyèv pandan 24 èdtan **san w pa** itilize medikaman pou diminye lafyèv tankou asetaminofèn (Tylenol) oswa ibipwofèn (Motrin, Advil).
- Si ou gen sentòm modere, rele doktè ou.
- Si ou gen sentòm grav, ale nan sal dijans la.

[Li plis sou sa ou ta dwe fè si ou teste pozitif >](#)

*Mwen te teste pozitif epi mwen gen gwo risk pou maladi grav. Mwen enkyete pou sentòm mwen yo. Kisa mwen ta dwe fè?*

- Si w gen gwo risk pou [maladi grav](#), lè sa a ou ta dwe swa kontakte biwo doktè w pou mande enfòmasyon sou tretman COVID-19 oswa itilize [randevou telesante gratis](#) ki disponib nan Depatman Sante Piblik Massachusetts. Randevou yo disponib ant 8 am ak 10 pm.
- Si w ap viv nan yon lòt eta, ki gen ladan New Hampshire, ou ka [utilize lokalizatè nasyonal la pou pwodwi terapeutik](#) pou jwenn kote yo.